

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa salaku mahluk anu istimewa béda jeung mahluk lianna dibéré kaunggulan mangrupa basa. Dina hirup kumbuhna manusa teu bisa leupas ti manusa séjénna, éta hal nandakeun manusa salaku mahluk sosial anu salawasna aya dina wengkuan hiji masarakat basa. Salah sahiji cara nu dilakukeun dina kalumangsunganana nya éta ku ayana komunikasi atawa interaksi.

Salaku masarakat basa tangtuna manusa teu bisa leupas tina basa. Basa nu miboga fungsi pikeun alat komunikasi. Ngaliwatan basa ogé manusa bisa ngébréhkeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung lianna. Éta hal miboga tujuan sangkan naon nu ditepikeun ku panyatur (panulis) bisa ditarima ku pamiarsa (pamaca), boh ngaliwatan médium basa lisan boh ngaliwatan médium basa tulisan.

Lian ti mahluk sosial, manusa ogé mangrupa mahluk individu. Hartina, manusa téh miboga sipat unik béda jeung manusa séjénna. Éta hal bakal kapanggih nalika manusa ngagunakeun basana. Tina basa nu dipakéna, karakter hiji jalma bisa katitén. Basa has hiji jalma bisa ogé disebut idiolék (*dialék individual*) nya éta ragam basa nu has dipaké ku hiji jalma (Sudaryat, 2010: 33).

Nurutkeun Halliday (1973) dina Tarigan (2009: 5) basa miboga tujuh fungsi, di antarana: fungsi instruméntal, fungsi régulasi, fungsi répréséntasional, fungsi interaksional, fungsi personal, fungsi heuristik, jeung fungsi imajinatif.

Dumasar pamadegan di luhur, boh manusa salaku mahluk sosial boh manusa salaku mahluk individu, nalika ngagunakeun basa duanana pada-pada boga fungsi sakumaha anu disebutkeun di luhur. Dua di antarana nya éta fungsi personal jeung fungsi interaksional. Basa dina fungsi personal nya éta manusa salaku mahluk individu ngajadikeun basa pikeun ngaéksprésikeun rasa, émosi, kahayang, pikiran, sarta réaksi-réaksi kajiwaan lianna. Fungsi interaksional nya éta manusa salaku

mahluk sosial ngajadikeun basa salaku alat pikeun interaksi dina hiji komunikasi sosial.

Dina prosés komunikasi sosial nu kalibet di antarana waé panyatur, pamiarsa, jeung jejer omongan. Nalika lumangsungna éta prosés tangtuna aya interaksi nu mangrupa paguneman. Paguneman bisa dilaksanakeun ku dua urang atawa leuwih, saharitaeun, jeung umumna paranjang.

Élmu nu maluruh patalina unsur basa jeung pamakéna dina kontéks situasi nu tangtu disebut pragmatik. Nababan (1987) dina Iskandarwassid (2004: 131) nétélakeun yén pragmatik téh *'berkenaan dengan penggunaan bahasa secara efektif dan wajar untuk berkomunikasi dalam situasi tertentu'*. Pragmatik ogé 'mangrupa ulikan anu matalikeun adegan basa jeung nu makéna' (Crystal dina Sudaryat, 2009: 10). Pamadegan sarupa ogé didadarkeun ku Sudaryat (2009: 283) yén:

Pragmatik maluruh bagbagan makéna basa keur kaperluan nu tangtu dina hiji situasi, patalina basa jeung kontéks makéna, atawa carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung kabutuhan panyatur. Pragmatik ngulik kondisi umum komunikasi basa nu ngawujud dina runtuyan kalimah. Ari runtuyan kalimah anu luyu jeung kontéks makéna téh disebut wacana.

Pragmatik raket patalina jeung wacana sabab wacana mangrupa wujud basa dina pamakéan atawa pragmatis. Ku kituna, wacana disebut ogé pragmatik sarta miboga sipat-sipat pragmatis. Nya éta salah sahiji cabang tina élmu sémiotik. Dua cabang séjénna nya éta sintaksis jeung sémantik. Sakumaha nu ditétélakeun ku Charles Morris (1938) dina Tarigan (2009: 14) sémantik dibagi jadi tilu, nya éta sintaksis, sémantik, jeung pragmatik. Sintaksis maluruh patalina unsur basa nu sipatna formal, sémantik maluruh patalina unsur basa jeung objékna, sedengkeun pragmatik maluruh patalina unsur basa jeung nu napsirkeunana.

Ulikan pragmatik anu nganalisis wacana minangka wangun basa pangjembarna, tangtu moal leupas tina kalimah. Ari kalimah mangrupa unsur pangleutikna dina tata wacana. Unsur kalimah dina wacana disebut ogé omongan atawa obahan (*move*).

Nilik kana fungsi dina kontéks situasi atawa disawang tina réson nu dipiharep, aya sababaraha rupa kalimah, nya éta kalimah wawaran (déklaratif), kalimah

pananya (interogatif), kalimah paréntah (imperatif), jeung kalimah ébréhan (éksklamatif). Dina ieu panalungtikan husus medar ngeunaan kalimah ébréhan, nya éta kalimah anu eusina ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna, upamana waé rasa gumbira, nalangsa, kagét, geuleuh, reueus, jste (Sudaryat, 2010: 99).

Kalimah ébréhan bisa kapanggih dina rupa-rupa kontéks jeung situasi, boh lisan boh tulisan. Dina kontéks lisan, kalimah ébréhan bisa kapanggih waktu panyatur nepikeun rasa atawa émosina sacara langsung ka pamiarsa. Contona waé waktu keur bungah, nalangsa, reueus, jeung lianna bakal katitén tina randegan panjang jeung wirahma ahir turun atawa naék anu disebut ogé lentong (intonasi). Dina kontéks tulisan, kalimah ébréhan sok ditungtungan ku tanda panyeluk (!). Salian dina kalimah ébréhan, tanda panyeluk (!) ogé bisa kapanggih dina kalimah paréntah. Ku kituna, diperlukeun katalitian anu leuwih daria sangkan kalimah ébréhan teu pahili jeung kalimah paréntah, utamana dina ngama'naanana.

Dumasar kana adegan internalna, kalimah ébréhan aya sababaraha fungsi, di antarana aya kalimah salam, kalimah panggentra (vokatif), jeung kalimah anteuran. Kalimah salam nya éta kalimah nu wangunna matok, biasana dipaké nalika tepung jeung jalma lian. Kalimah panggentra (vokatif) nya éta kalimah panyeluk nu diwangun ku nyebutkeun ngaran, gelar, sesebutan, atawa pangkat pikeun nuduhkeun jalma nu diajak nyarita. Kalimah anteuran nya éta kalimah panyeluk anu patalina jeung ébréhan rasa panyatur, misalna kanyeri, kabungah, kakeuheul, jeung lianna.

Dumasar kana wandana, aya opat rupa kalimah atawa omongan nya éta: kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif. Kalimah komisif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pananya. Kalimah impositif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun paréntah. Kalimah éksprésif nya éta kalimah anu fungsina pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa. Kalimah asértif nya éta anu fungsina pikeun ngedalkeun bebeneran wawaran.

Luyu jeung pedaran di luhur, dina ieu panalungtikan anu dipedar téh ngeunaan fungsi jeung wanda kalimah pragmatis ébréhan. Wacana nu dijadikeun sumber data nya éta wacana nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad

Bakri nu mangrupa salah sahiji wacana fiksi nu janggélékan omonganana maké basa lancar. Pangna nganalisis novél sabab dina novél tangtuna euyeub ku paguneman-paguneman dina wujud kalimah-kalimah nu mangrupa omongan, kitu ogé kalimah ébréhan. Conto kalimah ébréhan misalna waé saperti ieu di handap:

“*Eum, nu dagang téh aya-aya waé!*”

“*Euleuh, na seueur-seueur teuing ieu téh!?*” (Bakri, 1985: 19-20)

Dumasar conto di luhur, ciri kalimah ébréhan bisa katitén tina kecap panyeluk “eum”, “euleuh”, jeung “na”. Éta kecap panyeluk téh mangrupa wujud émosi atawa bituna sora.

Panalungtikan ngeunaan kalimah pragmatis saacanna pernah aya nu nalungtik nya éta ku Septiadi Angga Yuda dina taun 2012 nu judulna “Analisis Kalimah Pragmatis dina Naskah Drama Budha Si Narko Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP.” Teu saeutik ogé panalungtikan séjén ngeunaan adegan pragmatis dina kalimah, tapi leuwih museur kana tata sintaksis lain kana kalimah pragmatis. Upamana waé:

- a. “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon *Ajalna Sang Bentang Pasantren* Karangan Duduh Durahman” (Irma Dewi Kharisma, 2008);
- b. “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda Karangan Siswa Kls XII IPA SMA N 1 Sindangkasih Kab. Ciamis Taun Ajaran 2010/2011” (Endhang Mardhayanty, 2011);
- c. “Adegan Pragmatis Kalimah Parentah dina Karangan Paguneman Persuasif Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011” (Dian Cesar Maharani, 2011);
- d. “Adegan Pragmatis Kalimah Parentah dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* Karangan Ahmad Bakri” (Aryani Purbasari, 2008),
- e. “Adegan Pragmatis Kalimah Singgetan dina Novel *Kolebat Kuwung-kuwung Kinasih Katumbirian* Karangan Tatang pikeun Bahan Pangajaran Di SMP” (Andika Wibowo, 2010).

Panalungtikan Irma Dewi Kharisma jeung Endhang Mardhayanty medar adegan pragmatis kalimah pananya tina kumpulan carpon jeung naskah drama.

Panaluntikan Dian Cesar Maharani jeung Aryani Purbasari medar kalimah paréntah tina karangan siswa jeung kumpulan carpon. Ari Andika Wibowo medar adegan pragmatis kalimah singgetan. Éta lima panalungtikan téh pada-pada medar tina jihat adegan pragmatis. Kitu deui, ieu panalungtikan mibanda sasaran nya éta medar adegan pragmatis dina kalimah, tapi aya bédana. Ieu panalungtikan medar fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan (ékslamatif).

Judul panalungtikan di luhur miboga sasaran nya éta sarua medar ngeunaan wangun, harti, jeung adegan kalimah pragmatis. Bédana jeung ieu panalungtikan anu dilaksanakeun nya éta ieu panalungtikan ngabuktikeun yén adegan kalimah pragmatis ébréhan téh bisa kapanggih dina novél. Dumasar fungsina, kalimah ébréhan ngawengku: kalimah salam, kalimah panggentra (vokatif), jeung kalimah anteuran. Dumasar wanda, nyoko kana opat rupa kalimah atawa omongan di antarana: kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

Sabada nitéan jeung nimbang pedaran di luhur, tétéla can aya panalungtikan anu medar ngeunaan fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél. Ku kituna, dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél nu dijudulan “Fungsi jeung Wanda Pragmatis Kalimah Ébréhan dina Novél *Rajapati di Pananjung* Karangan Ahmad Bakri.”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan henteu sumebar kana bahasan séjén, luyu jeung kasang tukang nu dipedar ieu masalah bakal diwatesanan jeung dirumuskeun saperti ieu di handap.

1.2.1 Watesan Masalah

Adegan kalimah ngawengku fungsi, harti, ma'na, jeung wanda. Dumasar kana fungsina, kalimah ébréhan ngawengku: kalimah salam, kalimah panggentra (vokatif), jeung kalimah anteuran. Dumasar kana wanda kalimahna, aya kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

Luyu jeung kasang tukang masalah, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur jeung teu lega teuing ambahanna kudu diwatesanan. Ieu panalungtikan medar ngeunaan fungsi jeung wanda pragmatis kalimah dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri nu diwatesan kana kalimah ébréhan (éksklamatif).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah, ieu panalungtikan boga sababaraha masalah anu kudu dirumuskeun. Masalah nu ditalungtik dirumuskeun dina wangun panya ieu di handap.

- a. Kalimah pragmatis ébréhan naon waé nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri?
- b. Kumaha fungsi pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri?
- c. Kumaha harti jeung ciri pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri?
- d. Kumaha wanda pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta medar ngeunaan fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri. Déskripsina ngawengku:

- a. Kalimah pragmatis ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan *Ahmad Bakri*;
- b. Fungsi pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri;
- c. Harti jeung ciri pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri; jeung
- d. Wanda pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sajaba ti boga tujuan anu geus dipedar di luhur, dina ieu panalungtikan ogé dipiharep méré mangpaat pikeun panalungtik, nu maca, jeung pangajaran basa. Éta mangpaat di antarana waé aya mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat:

- a. pikeun ulikan élmuning basa, bisa nambahan kabeungharan ulikan pragmatik hususna ngeunaan adegan kalimah pragmatis dina novél;
- b. bisa nambahan pangaweruh nu maca, utamana dina widang analisis wacana;
- c. jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya pakaitna jeung panalungtikan kabasaan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat:

- a. méré pangaweruh ngeunaan kalimah pragmatis ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri;

- b. méré pangaweruh ka masarakat kana ajén-ajén nu nyangkaruk ngaliwatan paguneman nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri;
- c. dijadikeun bahan tinimbangan pikeun guru dina milih jeung nyusun bahan pangajaran; jeung
- d. dijadikeun référénsi pikeun mahasiswa dina mata kuliah kabasaan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan dipidangkeun dina lima bab. Bab I bubuka, nu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis, sarta raraga tulisan.

Dina bab II dipedar ulikan tiori, raraga mikir, jeung anggapan dasar. Dina ieu bab dipedar tiori-tiori ngeunaan kapragmatisan, kalimah, kalimah ébréhan, jeung novél. Dina subbab kapragmatisan ngawengku kasang tukang pragmatik, kalungguhan pragmatik, sarta watesan jeung ciri pragmatik. Dina subbab kalimah medar watesan kalimah, ciri-ciri kalimah, jeung fungsi kalimah. Dina subbab kalimah ébréhan medar ngeunaan watesan pragmatis kalimah ébréhan, fungsi pragmatis kalimah ébréhan, ciri-ciri pragmatis kalimah ébréhan, harti pragmatis kalimah ébréhan, wanda pragmatis kalimah ébréhan, jeung ma'na pragmatis kalimah ébréhan. Dina subbab novél dipedar wangenan novél, ciri-ciri novél, jeung papasingan novél. Tuluy dipedar ogé raraga mikir jeung anggapan dasar.

Dina Bab III nu eusina métode panalungtikan dipedar ngeunaan data jeung sumber data, disain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

Bab IV hasil panalungtikan eusina ngadéskripsikeun data tuluy nganalisis fungsi jeung wanda pargmatis kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri. Di jerona ngawengku data kalimah ébréhan, fungsi kalimah ébréhan, harti jeung ciri kalimah ébréhan, jeung wanda kalimah ébréhan.

Bab V kacindekan jeung saran eusina mangrupa hasil nafsirkeun jeung ngama'naan pihak panalungtik ngeunaan hasil analisis nu kapanggih nalika

panalungtikan. Kacindekan dina ieu panalungtikan ditulis dumasar hasil analisis ditilik tina jihat kapragmatisan kalimah ébréhanna nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri. Salian ti éta ogé ditulis saran atawa rékoméndasi sanggeus ditulis kacindekan panalungtikan.

